

**BAB III**  
**METODE PANALUNGTIKAN**

**3.1 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan**

**3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta méthode éksperimén. Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang kahontal ieu panalungtikan ngagunakeun méthode kuasi éksperiméntal kalawan ngagunakeun disain prates-pascatés.

Campbell jeung Stanley, dina Arikunto (2002:7) nétélakuen yén dumasar kana sampurna henteuna panalungtikan dibagi kana dua kelompok. Nu kahiji disebut *preeksperimental design* atawa disebut ogé ékspérimén nu tacan sampurna, nu kadua *trueeksperimental design* atawa disebut ogé ékspériméntal nu sampurna. Ku sabab *preeksperimental design* mangrupa panalungtikan nu lain sabenerna, mangka sok disebut ogé panalungtikan kuasi atawa kuasi ékspérimén.

Dina ieu panalungtikan baris digunakeun disain prates-postés anu dina pédaran saterusna baris disebut prtaés jeung pascatés. Pola prates jeung pascatés baris katitén di handap.

Pola:

$O_1$	X	$O_2$
-------	---	-------

(Arikunto, 2002:7)

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.1.2.1 Téhnik ngumpulkeun data**

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta sakumaha anu disebutkeun di handap ieu:

##### **a. Studi dokuméntasi**

Téhnik anu mangrupa kagiatan mutala'ah buku-buku anu keur ditalungtik. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data tina sumber anu tinulis dumasar kana tiori anu dipilih luyu jeung kabutuh dina nganalisis jeung nafsirkeun hasil panalungtian. Hasilna nangtukeun jeung nyieun konsép-konsép anu bakal ditalungtik.

##### **b. Uji Coba**

Uji coba dina panalungtikan ieu, panalungtik nyiapkeun bahan pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun média gambar anu bakal dipaké nalika tés.

##### **c. Tes nulis karangan déskripsi**

Ku ayana tes nulis karangan déskripsi ieu, dipiharep bakal meunang data anu mangrupa karangan deskripsi siswa anu diajar nulis karangan déskripsi ngagunakeun média gambar jeung anu henteu ngagunakeun média gambar.

### 3.1.2.2 Téhnik ngolah data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpulkeun. Aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu dilakukeun ngaliwatan tahap-tahap saperti ieu:

- a. Hasil pratés jeung pascatés dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata nilai siswa, standar deviasi, jeung varians tina masing-masing kelompok, sarta mikanyaho data kaasup normal jeung homogén, ngaliwatan uji normalitas jeung uji homogénitas Pikeun mikanyaho frekuensi panilaian karangan déskripsi panulis ngadéskripsikeunna dina wangun tabel panilaian anu nyoko kana kritéria nu geus ditangtukan. Tabel panalungtikan dilengkepan ku kritéria panilaian karangan déskripsi anu digambarkeun saperti di handap ieu.
- b. Méré peunteun karangan siswa

**Tabel 3.1**  
**Padoman Meunteun Karangan**

<b>Kamampuh Nulis</b>	<b>Skor</b>	<b>Tingkat</b>
<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>
Kualitas jeung Lingkup Eusi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Organisasi jeung Tampilan Eusi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng

	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Gaya Basa	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Wangun Gramatikal	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Éjaan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah Skor	30-6	
Peunteun	10-2	

Katerangan :

1) Kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta marikasa gagasan dina hasil nulis karangan déskripsi siswa.

2) Organisasi jeung tampilan eusi

2) Organisasi jeung tampilan eusi

Organisasi jeung tampilan eusi hubunganana jeung jumlah runtuyan eusi karangan (runtuyan idé) dina nyusun tulisan.

3) Gaya basa

Gaya basa dina panalungtikan ieu panalungtikan nya éta cara siswa milih gaya sarta tulisan anu merenah ditién tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa baku.

4) Wangun gramatikal

Wangun Gramatikal tulisan ngawengku kalimah anu ditulis ku murid, patali jeung fungsi kalimah ngawengku Jejer (Subjek), Caritaan (Predikat), salaku unsure anu inti dina kalimah, sarta Udagn (Objek), Panglengkep (Pelengkap), jeung Katerangan (Keterangan) mangrupa unsur anu teu wajib aya.

5) Éjaan

Dina ieu panalungtikan éjaan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, rarangken, jeung tanda baca.

6) Karapihan tulisan

Karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan pisik. Tulisan buatan murid, ngagunakeun hurup anu jelas sarta babari kabaca.

Pikeun meunteun karangan siswa digunakeun padoman meunteun saperti tabel 3.1. dumasar kana éta padoman, peunteun maksimal karangan siswa nya éta 30. Penteun anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti ieu dihandap

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{PeunteunAnuKahontal}}{\text{SkorMaksimalKarangan}} \times 100\%$$

Contona: KS<sub>1</sub> meunang peunteun 25, tuluy dirobah jadi skor atah

$$\begin{aligned} \text{Skor atah} &= \frac{15}{30} \times 100\% \\ &= 70 \end{aligned}$$

jadi skor atah KS<sub>1</sub> nya éta 70.

Pikeun penteun ahir, digunakeun Pendekatan Acuan Patokan (PAP) 100%, saperti ieu di handa.

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{SkorNuKahontal}}{\text{Skor Ideal}} \times 100\%$$

(Wirasasmita, 1988:19)

### c. Uji sifat data

#### (1) Uji normalitas

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata, pikeun ngatukeun yén data téh mibanda sifat nu normal atawa henteu normal, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ).

Saméméh ngagunakeun rumus chi kuadrat, dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti eu di handap:

- neangan batas-batas interval
- ngitung rata-rata jeung standar deviasi kalawan ngagunakeun tabel.

Kelas interval	x	x <sup>2</sup>	f	f.x	f.x <sup>2</sup>
Jumlah					

- pikeun neangan rata-rata ngagunakeun rumus

$$M = \frac{\sum fX}{\sum f}$$

- neangan standar deviasai ngagunakeun rumus

$$SD = \sqrt{\frac{N \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{N(N-1)}}$$

- nangtukeun batas daerah kalayan ngagunakeun t table z baku.
- Neangan luas daérah nya éta selisih dua batas daérah
- Nangtukeun frékuénsi nu diobservasi
- Nangtukeun chi kuadrat anu rumusna

$$\chi^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- Hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana table di handap

kelas	O <sub>i</sub>	bk	Z	D	L	E <sub>i</sub>	$\chi^2$
jumlah							

- Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria:

$$\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data normal, tapi}$$

$$\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data teu normal}$$

## (2) Uji homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sample tina populasi nu sarua. Pkeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- Nangtukeun variansi kalawan ngagunakeun rumus

$$S^2 = \frac{N \cdot \sum fx^2 - \sum (fx)^2}{n - (n - i)}$$

- Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus

$$f = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

- Nangtukeun derajat kebebasan

$$Db = n - 1$$

- Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria

$$F_{itung} \leq F_{tabel} \text{ variansi sample homogén, } S^2 b = S^2 k, \text{ tapi upama}$$

$$F_{itung} \geq F_{tabel} \text{ hartina data teu homogén}$$

## (3) Uji hipotésis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap

- Néangan béda mean tina pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus

$$MD = \frac{\sum d}{N}$$



- Néangan déviasi masing-masing subjék

$$Xd = d.. Md$$

- Néangan jumlahn kuadrat déviasi

$$\sum x^2 d = d.xd$$

- Ngabuktikeun hipotésis, kalawan make rumus

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2002:27)

#### (4) Uji gain

Uji gain dilakukeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun pratés jeung pascatés, nangtukeun gain baris ngagunakeun tabél saperti ieu di handap.

No	Pratés	Pascatés	$\Sigma$	d	d <sup>2</sup>

### 3.2 Populasi jeung Sampel

#### 3.2.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta karangan déskripsi hasil ngarang siswa kelas VIII SMPN I Parongpong taun ajaran 2006/2007, nu jumlahna 450 urang. Pangna nyokot kelas dua, lantaran geus dianggap wanoh kana karangan déskripsi.

### 3.2.2 Sampel

Arikunto (2002: 109) nyebutkeun yén sampel téh nya éta bagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VIII SMPN I Parongpong nu dijadikeun subjék uji coba. Cara random dina panalungtikan ieu ku cara nyieun gulungan keretas (undian) anu di jerona ditulisan kelas VIII A nepi VIII J, jumlah undianana 10, saterusna dikocok nepi ka kaluar sakelas, nu ahirna anu jadi sampel panalungtikan ieu ya éta sakabéh siswa kelas VIII-D anu jumlahna 40 siswa.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Pikeun meunangkeun data tina sumber data, ku kituna dina tes nulis karangan baris disebutkeun instrumenna.

#### 1. Tes karangan Deskripsi

##### 1) Warna tulisan: karangan déskripsi

2) Jieun karangan déskripsi anu ngagunakeun media gambar kalayan téma anu geus ditangtukeun nya éta musibah/kacilakaan!(gambar dilampirkeun)

3) Panjang karangan minimal 4 paragraf maksimal 5 paragraf

##### 4) Komponén anu dipeunteun:

- a. kualitas jeung lingkup eusi
- b. organisasi jeung tampilan eusi
- c. gaya basa
- d. wangun gramatikal

e. éjahan

f. karapihan tulisan

5) Waktu 45 menit

### **3.4 Langkah-léngkah Garapan**

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah nya éta: 1) tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data, 3) tahap ngolah data, jeung 4) tahap nyusun laporan.

#### **3.4.1 Tahap Tatahar**

Kegiatan nu dilaksanakeun dina tahap tatahar nya éta:

- 1) nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) ngulik pustaka;
- 3) nyieun proposal panalungtikan.

#### **3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data**

Aya opat tahap dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) ngayakeun observasi;
- 2) nangtukeun kritéria jeung bobot peunteun karangan;
- 3) ngayakeun tes nulis karangan déskripsi.

### **3.4.1 Tahap Ngolah Data**

- 1) mariksa hasil tés ngarang siswa;
- 2) ngolah hasil tes siswa;
- 3) ngolah angkét siswa;
- 4) nyindekkeun hasil gawe ti awal nepi ka ahir.

### **3.4.2 Tahap Nyusun Laporan**

Tahap ieu mangrupa tahap pamungkas sanggeus sakabéh data diolah jeung dianalisis, anu saterusna nyusun laporan anu mangrupa skripsi, laporanana disusun sacara sistematis.

